Æгъуызарты Æхсарбег

# БАРЫСБИ ФЕРХÆЦЫД

*Радзырд*

БАРЫСБИ зындгонд адæймаг нæ уыд. Адæм сæ зæрдыл кæй бадардтаиккой, ахæм хъуыддагæй ницы сарæзта. Фæлæ дзы æгады хабар дæр никуы райхъуыст. Кæддæриддæр уыди тарæрфыг, хъуыддагхуыз. Цыма æппæт адæмы сагъæс дæр уыил æрæнцад, афтæ дардта йæхи. Бирæ дзурын нæ уарзта, салам дæр лæвæрдта хæрз цыбырæй: «Хуыцауæй арфæгонд у». Куы фембаргæдæр, уæд нæ ныхас ноджы фæцыбырдæр кодта æмæ-иу æнæвдæлонхуызæй загъта: «Арфæгонд у».

Цыбырдзырдæй, йæхицæн æнцад æнцойæ царди Барысби, разы уыд йæ цардæй, йæхицæй. Æвæццæгæн, афтæ æнæмæтæй арвыстаид йæ бонтæ, кæм куыста, уым иу бон профцæдисон æмбырд куы нæ сарæзтаиккой, уæд. Уыцы æмбырды къулы газетæн æвзарын хъуыд ног редактор.

Барысбиимæ чи куыста, уыцы кæстæр фæсивæдæй иу, Хъайти, хъазæн ныхæстæгæнаг уыди. Барысбийыл дæр «уæрцц-былдыхъ» уый сæвæрдта. Цыма, дам, йæ уæрцц алыгъд, иудадзыг уый каст кæны. Хъайти та ныр дæр æмбырды æдыхстхуызæй къулыл банцой кодта æмæ чызджытæй иумæ йæ цæст æрныкъуылдта, ома иумæ ацæудзыстæм, зæгъгæ. Æмбырд тагъддæр куы фæцадаид, уый йæ тынг фæндыд. Уымæ гæсгæ, сæрдариуæггæнæг куыддæр афарста, редакторæй кæй равзарæм, зæгъгæ, афтæ æваст фæхъæр кодта:

—Барысбийы! Барысбийы равзарæм!

Барысби бадти Хъайтийы хæдфарсмæ æмæ кæдæмдæр къуыммæ æдзынæг каст. Йæ кой куы фехъуыста, уæд йæ мидбынаты фесхъиуæгау кодта, фæлæ уайтагъд йæхиуыл фæхæцыд.

—Ницы йын у,—йæ хъустыл æрцыд Барысбийæн.

— Бæззы, — загътой цалдæрæй. Адæм сразы сты Хъайтийы фæндоныл æмæ къулы газеты редакторæй равзæрстой Барысбийы.

Æмбырды фæстæ профцæдисон къорды хистæр Садуллæ фæсидти Барысбимæ æмæ йын загъта:

—Ахъуыды ма кæн, демæ чи кусдзæн, иу ахæм æртæ адæймагыл æмæ мын-иу сæ райсом фехъусын кæн. Абон нæ сарæхстыстæм, æндæр сæ æвзарын æмбырды хъуыд, бæргæ. Фæлæ ницы кæны, æз семæ баныхас кæндзынæн æмæ æвæстиатæй кусын райдайут.

Садуллæйæн йæ зæрдæ лæмæгъ уыди. Ныр дæр та йæ хъыгдардта æмæ Барысбимæ сагъæсхуызæй бакаст. Ног редактор та йæ афтæ бамбæрста, цыма йын хицау зæгъынмæ хъавыд: «Цырд фæлæуу, стыр хъуыддаг дын бакодтам дæ бæрны, æмæ дыл сайд ма 'рцæуæд».

Барысби дызæрдыджы бафтыд. «Стыр уаргъ мыл æрæвæрдтой æмæ куыд бакæнон?—хъуыды кодта йæхинымæры.—Кæй равзарон мæхицæн æххуысгæнджытæй? Чи разын-

дзæн ахæм ахсджиаг хæсы аккаг?

Уыцы изæр Барысби уыдис уæлдай хъуыддагхуыздæр. Фæлæ уæддæр сæ хæдзармæ куы æрбаздæхт, уæд иннæ хæттытæй хъауджыдæр йæ мидбылты бахудти. Ууыл йæхинымæры чысыл нæ бадис кодта Барысбийы бинойнаг, йæ сæрыхъуынтыл афонæй раздæр халас кæмæн æрбадти, уыцы тæнтъихæг сылгоймаг. Æрмæст йæ лæджы бафæрсын нæ бауæндыд, цы хорз сыл æрцыд, уымæй.

Барысби уатмæ куы бахызт, уæд йæ палто раласта, æркæстытæ йæм кодта, йæ къух ыл арæхстгай æрхаста, стæй йæ къуымрæбын рагъæныл æрцауыгъта. Йæ шляпæйыл бафу кодта, кæд ыл ницы зынд, уæддæр, стъолыл æй æрæвæрдта, йæхи æруагъта, чысыл баз æвæрд кæуыл уыд, уыцы къæлæтджын бандоныл æмæ та хъуыдиты аныгъуылд, мæхицæн æххуысгæнджытæй кæй равзарон, зæгъгæ.

Йæхинымæры иугай æвзары йе 'мгуСДжыты.

«Тего,—хъуыды кæны Барысби.— Нæ, уый æгæр æрыгон у ныр ма, нæ бæззы. Уæд та Тебо?.. Нæ, уый та æгæр зонджын у. Алцæмæ дæр дæсны у.—Æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, иу-цалдæр хатты Тебойæ сæ хицау куыд æппæлыд, уый. Ноджы, ныхас кæнгæйæ, æмбисæндтæ дзураг у. Фарон æмбырды куыд загъта...»

Алы бон, дам, каркæй цæрыны бæсты иу бон уасæгæй ацæрын хуыздæр у. Адæм ыл тынг фæхудтысты. Æмæ уый цы æгъдау у? Искуыдæр ма ахæм æмбисæндтæ фæдзурынц æмбырды? Политикон æгъдауæй уый стыр рæдыд у. Йæ амонд уыд, æмæ нæм уæлдæр хицауадæй ничи фæци, æндæр дзы стыр бæллæхтæ рауадаид.

Бинонтæ раджы бафынæй сты, фæлæ ма Барысби стъолыл æвæрд чысыл цырагъы рухсмæ аразы номхыгъдтæ. Тетрады æртæ сыфы мыггæгтæ æмæ нæмттæй байдзаг сты, уæддæр нæма ары зæрдæмæдзæугæ адæймаг.

—Тего, Тебо, Мысырби, Сæрæби, Мысырхан, Арыпхан. Уæд та Ксеня? Йæ цæстытыл ауад хъæлдзæг, худæнбыл цъæхдзаст чызг. Æрæджы техникум каст фæци. Фæскомцæдисон у.

«Нæ, нæ, уый дæр нæ сарæхсдзæн. Уæлдайдæр та сылгоймаг. Иудадзыгдæр хъæрæй фæхуды. Иудаæнæмæтдзинады бæрæггæнæн у. Уый фыццаг дæр ма фæскуыст чызджытимæ мæ цурты аивгъуыдтой худгæ. Æмæ, цымæ, цæуыл худт?—хъуыды кæны Барысби. — Цирчы, мийаг, куынæ уыд. Цирчы иу хатт, æрыгон лæппуйæ, мæхæдæг дæр дзæбæх ахудтæн. Фæлæ къулы газет цирк нæу,—къулы газеты хи-хи-тæ æмæ ха-ха-тæ ницæмæн хъæуынц»,—Клыг кодта Ксеняйы хъысмæт дæр.

Аразы та дарддæр номхыгъд.

— Дрис... Зæронд кусæг, ахуыргонд, дзырдарæхст, йе 'мбæлтты æхсæн кадджын. Ноджы тæрсгæ дæр никæмæй кæны, суанг нæ хицауæн йæхицæй дæр, йæ зæрды цы уа, уый уыцы иу цæлхъ ныккæны... Нæ, уый дæр йæхионтæ кæндзæн. Коммæгæс нæ уыдзæн... Уæд Лолаты Сандыр та? Сабыр, æнæмаст адæймаг, йæ сæр ын куы асæттай, уæддæр дæм фæстæмæ не 'сдзурдзæн... Гъе, уымæй цы зæгъыс, уый зæгъ!

Иуцасдæр рæстæг ма цæуылдæр ахъуыды кодта. Йæ зæрдыл æрлæууыд, Сандырæн кæддæр йæ мадырвадæлтæй чидæр ахст кæй уыд, уый. Æнхъæлдæн, цыма кулакгонд дæр уыдысты? Æмæ уæдæ куыд? — фæрсы йæхи Барысби.—Исчи куы зæгъа, къæрцхъусдзинад нæ равдыста нæ редактор, зæгъгæ, уæд та? Уæвгæ, ахæм лæг иуырдыгæй хорз у, дзæгъæлдзырд къаддæр кæндзæн, æнцондзурæн æмæ коммæгæс уыдзæн. Фæлæ уæддæр... Цæй, мæнæ тетрады иу рæгъ банымайон, «бæззы»—«нæ бæззы», кæнгæйæ. Кæд фæстагмæ «бæззы» рауайа, уæд æй ныууадздзынæн.

—Бæззы, нæ бæззы, бæззы, нæ бæззы... Бæззы! Иу уал дзы ис!

Бады Барысби. Дыккаг кæркуасæнтæ дæр аивгъуыдтой. Бинонтæ фынæй кæнынц. Стыр нæл гæды Барысбийы стъолыл йæхи æруагъта æмæ, цыма хæдзары хицауы бахъыгдарынæй тæрсы, уыйау йæхинымæр хъуыр-хъуыр кæны. Йæ дыууæ тымбыл ирд цæсты ныццарæзта

Барысбимæ. Умæн йæ разы тæбæгъы карчы сгуыйы æхсынæнтæ. Гæды йæ мукъутæ хæрдмæ схъил кæны, тæбæгъмæ смудæгау йæхи баивазы, стæй та Барысбийырдæм йæ цæстытæ разилы, фæлæ тæбæгъмæ бавналын нæ уæнды. Уæдæй нырмæ дæр ыл дыууæ цæфы ауади.

Гæды ацы изæр нал æмбары йæ хицауы. Иннæ изæрты лæг куыстæй куы æрбацæуы, уæд, кæд исты сдзуры, уæддæр æппæты фыццаг уымæ. Йæ уæрагыл æй æрбадын кæны, йæ къухæй йæ сæрфтытæ сисы. Уæд, цымæ, ацы æхсæв цы кодта? Цы кæны стджытæй та?

Æмбаргæ у гæды. Фыццаг аз, мийийаг, нæ цæры, мысты сæртæ бирæ бахордта æмæ зоны, стджытæ кæнæ куыдзæн аппарынц, кæнæ та сæ гæды бахсыны. Барысбитæм та куыдз нæй, æмæ кæддæриддæр йæхи хай фæвæййынц. Гæды фырмондагæй тæбæгъмæ зулмæ бакæсы æмæ та йе 'взагæй йæ былтæ асдæры. Цы кусы, цымæ, уый бæрц йæ хицау, иннæ æхсæвтæй хъауджыдæр? Æмæ цыма Барысби гæдыйы хъуыдытæ æмбары, уыйау сындæггай дзуры:

—Дæуæн та цы у, цы мæт дæ ис, дæхи бафсад æмæ зарджытæ кæн. Дæуæн æнцон у, мыст куы 'рцахсай, уæд дæ куыд фæнды, афтæ дзы фæхъаз, фæнды дæ æуадз æй, фæнды дæ бахæр æй. Дæуæн æнцон у, фæлæ æз куы фæрæдийон, ахсджиаг хъуыддаг кæмæн не 'мбæлы, ахæмтæн куы бабар кæнон, уæд уымæй мæхи стыр фыдбылызы æфтауын. Кусджытæ æвзарын зонын хъæуы, ксуджытæ! Бамбæрстай?

Хъуыдыты аныгъуылд Барысби, йæ зæрдыл та æрбалæууыд Садуллæйы цæстæнгас. Уый йын кæд бирæтæ нæ загъта, уæддæр æй хорз бамбæрста, фæлтæрд у Барысби, сайд ыл не 'рцæуадзæн. Æмæ та ногæй фыссы, нымайы, дзуры йæхинымæры. Æртæ уал ын бæргæ баисты. Сандырыл ма ноджыдæр дыууæ бафтыди. Иуы дзы уæлдай хуыздæр зоны. «Сабыр лæг у. Хæйрæгимæ дæр бафидаудзæн. Ахæмимæ æнцон кусæн уыдзæн—фæстæмæ сым дæр не скæндзæн. Уæдæ æртыккаг дæр хиуылхæцгæ у. Гъе, æрмæст, æвæццæгæн, ахуыргонд нæу. Æмæ дзы цас ахуыргонд хъæуы, æниу, мæхæдæг дæр академи, мийиаг, куы нæ фæдæн каст. Æгъгъæд уал фæуæд ахсæв, райсом ма сæм ноджыдæр æркæсдзынæн. Документтæ сын бацæттæ кæндзынæн, хицауадæй сын характеристикæ райсдзынæн»,—бауынаффæ кодта Барысби.

Йæ дзаумæттæ раласта, йæ хицадон йæ ныværзæны бын бакодта. Тагъд нæ бафынæй. Æхсæв-бонмæ та йæ æнахъинон фынтæ æнцой нæ бауагътой. Иуахæмы йæ фыны бынтондæр стыхстис,—цыма йын цыдæр йæ риу нылвæста æмæ йæ хурх кæны. Ныхъхъæр кодта æмæ æваст фехъал. Ракаст, æмæ гæды йæ риуыл хуыссы. Барысбийы хъæрмæ уый дæр фехъал æмæ пъолмæ асæррæтт ласта.

Лæг нал бафынæй. Раджы сыстад. Йæхи барæвдзытæ кодта, дысон цы номхыгъд сарæзта, уымæ ма ноджыдæр иу хатт æркаст æмæ йæ арæхсгай йæ дзыппы ныværдта. Рацыд. Кæртмæ куы рахæццæ, уæд ма йæ зæрдыл æрбалæууыд, йæ хицадон йæ ныværзæны кæй ферох, уый. Цырдгомау фездæхт фæстæмæ, тыппыр æхцадон райста, æртыгай сомтæ дзы сласта, дыууæ хатты сæ банымадта, æмæ йе 'фсинмæ бадзырдта:

—Мæнæ дын æхца. Дзидза иу джиранка нæ фаг у, уымæй фылдæр ма балхæн. Æхсыр дæр нын иу литр фаг уыдзæн,—йæхæдæг йæ худыл дæлæмæ æрхæцыд æмæ йæ куыстмæ араст.

***

Барысби йæхицæн æххуысгæнджытæй кæй равзæрста, уыдоны ныхмæ ничи ницы загъта æмæ сæ æртыккаг изæр фæскуыст бухгалтерты уатмæ æрæмбырд кодта. Раст æхсæз сахаты æмæ 30 минуты куы уыд, уæд йæ бынатæй сыстад, йе 'мбæлтты раз æрлæууыд хъуыддагхуызæй æмæ загъта:

—Сымахмæ, æмбæлттæ, æрхауд стыр æууæнк. Æз уæ мæхицæн равзæрстон æм...—фыццаг æмкусджытæ зæгъинаг уыд,—æххуысгæнджытæй. Мах абон кусын райдайдзыстæм. Ныртæккæ уал уæ базонгæ кæндзынæн, къулы газет цы у æмæ йæ хæстæ цы сты, уыимæ...

Барысби доклад кæнын байдыдта. Йæхæдæг дæр сæ нал хъуыды кæны, доклады ныхæстæ кæцæй сфыста, уый.

—Æмбæлттæ! Къулы газет уадзын стыр ахсджиаг æмæ кадджын хъуыддаг у. Революцийы агъоммæ кусджытæн æмæ зæхкусджытæн къулы газеттæ уадзыны бар нæ лæвæрдтой...

Барысбийы уырныдта, уыцы ныхæсты фæстæ йæ æххуысгæнджытæ уæлдай бæлвырддæр кæй бамбардзысты, сæ размæ цы хæс лæууы, уый. Фæлæ Сандыр цыдæр æнæуагхуызæй йæ мидбылты бахудт, иннæтæ дæр сæ худын тыххæйты урæдтой. Уый йын хъыг куыннæ уыд, фæлæ сæм ницы сдзырдта. «Æз уæ æрцахуыр кæндзынæн фæстæдæр»,—скарста йæхинымæры.

Дыккаг бон бавнæлдтой газет уадзынмæ. Æмæ ноджы æмбисонддæр та уæд фесты Барысбийы æмбæлттæ. Сæ иу ын тетрады дыууæ сыфы лыстæг фыстæй йæ разы æрæвæрдта:

—Нæ куыстуаты чъизийæ фезмæлæн нæй, æмæ уый тыххæй ныффыстон... Мæнæ ма ацы уацхъуыдмæ æркæс.

Барысби гæххæтт райста. Уæдæ йæ ныртæккæ ацарæзтытæ кæндзынæн, зæгъгæ, рагацау ставд сырх къарандасмæ февнæлдта æмæ Сандыры фыст тагъд-тагъд кæсын райдыдта. Æвзаджы æгъдауæй дзы йæ бон ницы ссарын баци. Фæлæ цас дарддæр каст, уый бæрц тынгдæр йæ сæр тылдта. Кæронмæ куы ахæццæ, уæд цыма æнахъом сабитæн зонд амыдта, уыйау загъта:

—Нæ, нæ, уый гæнæн нæй. Ды Асланы тыххæй фыссыс, уый та нæ хицауы хæдивæг Аким Сулеймановичæн йæ тæккæ...—Барысби ферхæцыд.—Æз ыл мæхæдæг ахъуыды кæндзынæн, æркæсдзынæн. фендзынæн... Æхсæнады хъуыддагмæ бæлвырд кæсын хъæуы. Ахæм уацхъуыд рауадзыны размæ бæстон аныхас кæнын хъæуы нæ разамонджытимæ. Æз хорз зонын, куыд вæййы, уый... — Йæхæдæг йæ былтæ сысчъил кодта, цыма туаг æхсынцъы ауыылдта, уыйау.

Фæлæ Сандыр не 'сразы.

—Ау, Аким Сулеймановичы æрдхордæн йæ кад дæлдæр фæуыдзæн, æви нæ куыст февзæрдæр уыдзæн? Нæ дæ æмбарын...

Барысби ма йын цыдæр зæгъынмæ хъавыд, фæлæ уæдмæ, бынтон сабыр кæй хуыдта, уый дæр ын йæ цуры дыууæ сыфыл ставд, æнцонæмбарæн фыстæг æрæвæрдта.

—Мæнæ уый та æз ныффыстон. Нæ хицауы хæдивæг Аким Сулеймановичы тыххæй. Гуымиры у æмæ йын уый æргомæй зæгъын хъæуы. Бирæгъы цæстæй цæмæн кæсы кусджытæм? Хицауæн йæхи афтæ дарын не 'мбæлы.

«Диссæгтæ!».. Ничи йæм кæсы, æз та йæ æппæтæй сабырдæр хуыдтон», —тарæрфыгæй бакаст Барысби ныхасгæнæгмæ. Аким Сулеймановичæн йе'рдхорды тыххæй цы уацхъуыд ныффыстой, уый фæдыл хицауы бафæрсинаг уыд, фæлæ ма ныр та кæй бафæрса? Æмæ, æниу, уыцы гæххæттæн искæмæ равдисæн ис? Уый цас тагъддæр сæфт æрцæуа, уыйбæрц адæймаг æнæмастдæр уыдзæн. Æвæстиатæй йæ аскъуынид, фæлæ йæ чи ныффыста, уый цур куыд? Стыхсти бынтондæр Барысби.

—Æрра сыстут, æви уыл цы æрцыд? Уый та цы хонут, нæ хицауы хæдивæджы газеты куыд рауадзæм? Искуыдæр ма уый æрцыд? Нæ, уымæй Аким Сулеймановичы авторитет фæкъаддæр уыдзæн, уый та куыстуатæн æмæ суанг паддзахадæн дæр стыр зиан у. Бамбæрстат мæ æви нæ?

Фæлæ йе'мбæлттæ, уыцы ныхæстæ чи бамбара, ахæмты каст нæ кодтой.

—Кæд махæн газет уадзын бабар кодтой, уæд нын хъуамæ ныхасы бар дæр уа! Стæй, Барысби, фылдæр адæм цы зæгъой, уый кæнын хъæуы, — дзырдта æппæты сабырдæр.

«Адонмæ адæймаг йæхи куы нæ фæбирæгъ кæна, уæд дзы фæхынджылæг кæндзысты», — ахъуыды кодта йæхинымæры редактор æмæ фидарæй загъта:

—Æз афтæмæй нæ бакусдзынæн сымахимæ. Уæвгæ, мæхи аххос уыд, цæмæн уæ æвзæрстон, куынæ арæх-

сут, уæд. Æз уæ тæккæ абон уæ бынæттæй фелвасдзынæн! Ахæм ахсджиаг куысты аккаг не 'стут.

Барысби куыд æнхъæл уыд, афтæ нæ фæтарстысты йе'мбæлттæ. Тæрсгæ нæ, фæлæ йыл худæгæй дæр бакъæцæл сты. Барысби фырмæстæй рафыхт. Цавæрдæр карз ныхæстæ сын зæгъынмæ хъавыд, фæлæ уыцы сахат дуар фегом æмæ дзы дисхуызæй æрбакаст æфснайæг ус.

Сылгоймаг сæ ахæм хуызы кæй федта, уый йын фырмæстæй йæ цæстыты туг абадын кодта, йæ хурхыуадындзтæ йын ахгæдта. Ферхæцыд Барысби æмæ сдзурын нал бафæрæзта.

...Цалдæр боны фæстæ къулы газеты раз кусджытæ æмбырдтæ кодтой, цæуылдæр хъæрæй худтысты.

—Æмæ йæ иубон æмбырды редакторæй куы равзæрстам... Гъе, уæ мард фесæфа, Сандыр, ахæм мадзы ныппырхгæнгæ уа? — хъæрæй дзырдта кусджытæй иу.

—Æмæ редактор нал у Барысби?
—йе 'мбалы уæхсчы сæрты бадзырдта дыккаг кусæг.

—Нæ йæ уыныс, бынæй дзы Сандыры ном фыст кæй ис, уый?

—С-с-с, «уæрцц-былдыхъ» уæ фехъусдзæн, — кæл-кæлæй ныхудт Хъайти, фæстæмæ фæзылд æмæ дуармæ æввахс Барысбийы сæргуыбырæй лæугæ ауыдта.

---

***Бекмæрзты Афон***

# Раздæх, рагуалдзæг!

Æз фæкардзыд дæн
Æмæ цæуæнтæм
Зивæг байдыдтон.

Абон, уæзæгыл
Хурмæ бадгæйæ,
Уадмæ адзырдтон:

«Ахæт, уаддымгæ,
Ды мæ хæтæнты.
Фен, кæм рæзыдтæн:

Асим, акаф-ма
Хохæй быдырмæ,
Далæ фæзырдæм.

Тауджын саппыты
Байбын лæнкауты
Хизы галрæгъау.

Ноджы фалдæр та
Фиййау дзугимæ, —
Хорз æй барæвдау!

Афас рындзы был
Сау дзæбидыртæн
Ды сæ боцъотæ..

Азгъор сау хъæдмæ,
Ацæгъд сыфтæртæн
Уым дæ хъис фæндыр.

Бон — æмбисбоны
Ды дæ базырæй
Адау кусджыты.

Зад уыгæрдæнтыл,
Хортыл, мæнæутыл
Азил цадæггай...

Цæй-ма, уаддымгæ,
Рахæсс ме'взонгад
Ивгъуыд уалдзæгæй!»..

---